

# Poze kesyon yo



## Aprann ti konsèy la

- Poze kesyon pou vin eksite konsènan liv la:** Gade paj kouvèti liv la. Gade kèk paj. Pale sou sa ki ka pase nan istwa a.
- Poze kesyon sou mo yo ki nan liv la:** Si gen yon mo konplike, pale sou fason pou sonnen li. Pale sou sa mo yo vle di
- Poze kesyon sou sa k ap pase nan liv la.** Pandan w ap li, poze epi pale. Lè liv la fini, pale sou sa ki te pase a oswa sou sa ou te aprann.
- Poze kesyon sou fason pou li liv la tankou yon moun k ap rakonte yon istwa.** Pratike lekti ak lekti mo yo dousman ak lekti fraz ki gen ekspresyon.

## Pou kisa ti konsèy sa a?

Pale sou liv yo se yon fason fasil poui ede pitit ou aprann plis mo ak reflechi sou sa l ap li a. Plis, youn ap vin konnen lòt pi byen!



## Mande pitit ou

### Pou timoun ki pi jèn yo

- Kisa ou panse liv sa a pral konsène? Kisa ki nan liv la ki fè ou panse sa?
- Mo sa a difisil. An nou ralanti. Kisa lèt ou wè yo ye?
- Kisa ki te pase anvan nan istwa sa a? Montre mwen nan liv la.

### Pou pi gran timoun yo

- Ki yon bagay ou ta aprann lè ou li liv sa a?
- Kisa ou panse ki pral pase answit? Pou kisa?
- Ki melanj lèt ou wè nan mo sa a?
- An nou li sa a yon lòt fwa epi an nou eseye sonnen li tankou moun k ap rakonte yon istwa.



## Pratike avèk kè kontan

Òganize yon gwoup lekti avèk zanmi ou yo ak fanmi ou--nan kay yon moun oswa nan bibliyotèk la. Ajoute manje epi se yon fèt!

Envite tout moun pou pote youn (oswa plis) liv timoun yo vle li. Se kapab yon liv yo te li anvan epi yo te renmen oswa yon lòt liv. Si timoun yo pi jèn, toujou itilize liv ki gen imaj. Answit chanje liv yo.

Nan kèk semèn oswa pli, retounen ansanm pou pale osijè liv yo. Ou kapab ede kenbe konvèsasyon an avanse depi ou poze kesyon:

- Kisa liv sa a te konsène?
- Kisa pi bon pati liv sa a te ye? Pou kisa?
- Ki lòt liv oswa istwa sa fè ou sonje?

